

# KOMAN W' SÈVI AK KAT ENTÈNÈT LA

## 1. Aktive kat ou – OBLIGATWA

Lè ou aktive kat ou, \$360.45 ap pou disponib pou w' itilize la pou la. Rele **855-274-9934** epi pare pou w' rantre nimewo kat 16 chif ou a, dat ekspirasyon kat la (ke yo rele "valid thru" (valab jiska) ak mwa/ane a); ak kòd sekirite ki dèyè kat ou an. Gade egzanz sa a.

Chwazi yon nimewo enfòmasyon pèsonèl (PIN) epi sonj nimewo a pou transaksyon ou ta gen pou fè. Si yon lòt moun fè acha san otorizasyon lè achte ak kat ou oswa ak PIN ou san pèmisyón w', Vil Portland pap ka remet ou lajan ki disparèt yo. PIN ou ka chanje nan telefòn.

## 2. Anrejisre kat ou

Pou anrejistre, bay bank la san kè sote non w' ak adrès ou nan [www.usbankrewardscard.com/web/usbankcorporaterewards/login](http://www.usbankrewardscard.com/web/usbankcorporaterewards/login) oswa **855-274-9934**.

Sa obligatwa pou tranzaksyon sou entènèt, nan telefòn oswa pa lapòs, men sa PA OBLIGATWA lè ou la, kote wap achte a. Se paske anpil machann gade detay ou bay yo pou wè si yo menm ak sa bank la genyen pou kat la se menm bagay la. Ankouraje anrejistre pou w' evite trape COVID-19 pandan w'ap achte.

Pou w' aprann jan bank lan jere enfòmasyon pèsonèl ou, gade politik li sou enfomasyon pèsonèl nan [www.usbank.com/about-us-bank/privacy](http://www.usbank.com/about-us-bank/privacy).

## 3. Deside koman wap depanse kòb la




Sonje ou pran angajman pou w' sèvi ak kòb sa pou bezwen koneksyon ak teknoloji.

Ou pa ka rechaje kat la, vann li oswa retire kòb sou li nan yon ATM. Ou ka itilize l' pou w' peye la pou la oswa peye davans. Li kontra kat la. Lè w' siyen ak sèvi ak kat la ou aksepte kondisyon kat la.

**Pay (Peye)** - Sèvi ak kòb pa w' pou peye sizoka ou resevwa fakti, oswa w' achte plizwè bagay.

**Prepay (Peye davans)** - Si machann lan dakò ak sa, chwasi mwayen peman pou plize mwa. Sa vle di ou peye davans ata valè lajan ki sou kat la, kidonk ou ka sevi ak tout kòb ki sou kat la nan yon sèl tranzaksyon.

Bill pay (Peye fakti) oswa bill prepay (peye fakti davans) ka sèvi pou fakti ki fèk sòti pou koneksyon entènèt ak/oswa yon sèvis tou nèf.



*Pou plis enfòmasyon sou sèvis entènèt ki pran kat nan ka bezwen pa w' la, chache fòmasyon sou sa nan:*

[www.smartcitypdx.com/covid-19-digital-divide-response](http://www.smartcitypdx.com/covid-19-digital-divide-response)

# KAT ENTÈNÈT KESYON MOUN POZE

---

## K: Ki mòd kat sa ye?

R: Se yon kat debi Visa (ki pa kat kredit) ou pa ka rechaje li. Malgre non li, li pa mache ak okenn pwogram fidelite-kado.

## K: Kilè kat mwen ap ekspire?

R: Kat ou a valab jouk dènye jou nan mwa dat ekspirasyon a. Douz mwa aprè yo te fè kat la, y'ap kòmanse pran 3 dola frè chak mwa nan kòb ki rete a, pou jis kat la ekspire. Y'ap sispann pran frè a kou kòb la fini.

## K: Eske kòb mwen an ekspire?

R: Wi. Si twa lane pase san w' pa sèvi ak kont lan, kòb la ka tounen jwenn Gouvènman an. Pwosesis sa rele konfiskasyon. Ankouraje li enfomasyon sou frè nan kontra kat la.

## K: Ki bò m' ka sèvi ak kat mwen?

R: Ou ka sèvi ak kat ou kay nenpòt ki machann anndan peyi Etazini ak Distri Columbia ki aksepte kat debi visa.

## K: Eske kat la ka gen yon balans negatif pou m' peye?

R: Li pap fasil pou sa rive paske tout transaksyon ki depase kòb ki gen sou kat la pap pase.

## K: E si kat la pa ka peye pri tout bagay mwen vle achte yo?

R: Mande machann lan divize tranzaksyon an pase yon pòsyon sou kat la; pou rès la, peye li yon lòt jan. Ou dwe di konbyen kòb yo dwe pase sou kat la.

## K: Kòman pou m' tcheke konbyen kòb mwen rete (balans)?

R: Telefòn | 1-855-274-9934  
Sou entènèt | [www.usbankrewardscard.com](http://www.usbankrewardscard.com)

## K: Ki kote pou m' fè deklarasyon pou yon kat ki pèdi oswa yo vòlè?

R: Rele 855-274-9934 prese prese. Kat ranplasman yo koute \$15 epi frè sa a tou sòti nan kòb ki sou kat la. Tanpri sere kat ou ak enfòmasyon PIN ou. Y'ap mande w' bay non w', nimewo kat la ak lis ansyen tranzaksyon ou te fè.

## K: Mwen andikape, èske m' ka rele bank lan?

R: Wi, yo aksepte ou rele nan telefòn.

## K: Ki sipò bank lan mete pou ede moun ki pa pale anglè?

R: Depatman sèvis kliyan an gen mou ki pale panyòl pou ede w' nan telefòn. Aplikasyon pou telefòn US Bank lan pèmèt ou pèsonalize eksperyans ou an panyòl, men se pa tout enfòmasyon ki disponib. Si zoka ou pa ta jwen èd nan lang/kilti ou, kontakte oganization ki te ba w' kat la.

---

## KESYON?

Pou plis enfòmasyon, kontakte nou nan  
[connectingportland@portlandoregon.gov](mailto:connectingportland@portlandoregon.gov)